QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI

230100, Nukus shahri, Dosnazarov ko'chasi, 62-uy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ XALÍQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

230100, Nókis qalasi, Dosnazarov kóshesi 62-úy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

«18» – август 2021-у. № 03-02/01-3700 «____» – __________ 2021-j.

**Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесине**

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги Сизге, Нөкис қаласы 22-киши район, 8/2-үй 34-ханада жасаўшы пукара И.Ныаматдинованың Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесине жоллаған мүрәжаты бойынша төмендегилерди билдиреди.

Жоқарыдағы мүрәжат тийисли қәнигелер тәрепинен үйренип шығылып мүрәжат ийесине Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлиминиң 2021-жыл 18-августдағы 01-01/8-2066-санлы хаты менен жуўап берилгенлигин мәлим етип билдиремиз.

*Косымша: «____» – беттен ибарат.*

**Министр орынбасары** **Ш.Таджимуратов**

Орынлаўшы: М.Асеметдинов
Тел: 8 (361) 222-16-51

Xalq ta'limi tizimiga oid barcha yangiliklardan quyidagi havolalar orqali xabardor bo'lishingiz mumkin

www.uzedu.uz t.me/uzedu facebook.com/uzedu instagram.com/uzedu.uz

QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI
NUKUS ShAHAR XALQ
TA'LIMI BO'LIMI

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
NÓKIS QALALÍQ XALÍQ
BILIMLENDIRIW BÓLIMI

Nukus sh. 2к0ә00, Ch.Abdirov k. 2
Tel/fax: 0 (куә) 22у-әо-әә

E-mail: nukus_shxtb@xtv.uz

Nókis q. 2к0ә00, Sh.Abdirov k. 2
Tel/fax: 0 (куә) 22у-әо-әә

« 18 » - август 2021-жыл

№ 01-01/8- 2066.

Нөкис қаласы 22 к/р 8/2-жай
34-ханада жасаўшы пуқара
И.Низаматдиноваға

Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлими Сизин 2021-жыл 4-август күнги Қарақалапақстан Республикасы Министрлер Кенесине перзентинизди 37-санлы мектебине 1-классына оқыўға бериўде әмелий жәрдем сорап жоллаған мүрәжаатиниз бойынша мәдим етеди.

37-санлы қәнийгелестирилген мәмлекетлик улыўма орта билим бериў мектебиниң 2021-жыл 18-август күнги 77-санлы мәлимлеме хатында пуқара И.Низаматдинованың перзентиниң рус тилин билиў дәрежесине қарап рус яки қарақалпақ классына иркинишсиз қабыл етилиўи билдирилгенлигин билдиремиз.

***Еслетпе:*** *Мүрәжаатиңиз бойынша берилген жуўап хатына қанаатланбасаңыз яки наразы болсаңыз тийисли тәртипте жоқары турыўшы уйымларға мүрәжаат етиў ҳуқықына ийесиз*

*Қосымша 1 беттен ибарат.*

Нөкис қалалық халық
билимлендириў бөлими баслығы: П.Ақназаров

Орынлаўшы: Е. Қосымбетов
Тел: 226-15-11

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI
NO'KIS QALASI 37-SANLI
...
18. 08. 2021 jıl
№ 47
NO'KIS q. NUKUS sh
TURAN KO'SHESI 45-JAY

Нөкис қаласы халық
билимлендириў бөлими
баслығы П.Ақназаровқа

Мәлимлеме

Нөкис қалалық №37 санлы мектеп администрациясы, Нөкис қаласы 22-киши районы 8/2 жайы 34-ханасында жасаушы пухара И.Нызаматдинованың муражәэти бойынша төмендегилерди мәлим етеди.

2021-2022 оқыў жылының 1-классқа қабыл етилиўи электрон таризде әмелге асырылмақта. Аймақ толық қамтылды, вакант орынларға басқа аймақтан оқыўшы қабыллаў даўам етпекте. Бул вакант орынларға биринши гезекте усы мектепте балалары тәлим алатуғын ата-аналардың перзентлери қабыл етилмекте.

Егер пухара И.Нызаматдинованың басқа перзентлери усы мектепте оқыйтуғын болса, рус тилин билиў дәрежесине қарап рус яки қарақалпақ классқа иркинишсиз қабыл етилиўин мәлимлеймиз.

Соны да ескертип өтемиз вакант орынлар шегараланған.

Мектеп директоры: М.Досназаров